

Kansè Oral: Bese Risk Ou

Kisa Kansè Oral Ye?

Kansè oral se kansè nan bouch. Li ka afekte lè v yo (po bouch), lang lan, plafon oswa planche bouch la, oswa jou yo.

Anviwon 930 moun New York resevwa dyagnostik kansè nan bouch chak lane, epi anviwon 200 mouri. Dyagnostik kansè nan bouch lan ki fèt depi byen bonè ogmante chans moun nan genyen pou li siviv.

Nenpòt moun kapab devlope kansè nan bouch, men kèk faktè ka ogmante risk ou.



Kisa Faktè Risk pou Kansè nan Bouch Yo Ye?

Itilizasyon Tabak ak Alkòl

- Anpil ka kansè bouch se itilizasyon tabak ki lakòz yo. Moun ki konn fimen sigarèt, siga oswa pip, oswa k ap itilize tabak ki san lafimen, tankou tabak ki fèt pou moulen nan bouch, yo anba yon nivo risk ki pi elve.
- Pi plis ou bwè alkòl ak pi souvan ou bwè l, se plis risk ou genyen pou w fè kansè nan bouch. Tout kalite bwason ki gen alkòl ogmante risk ou. Si yon moun bwè anpil epi li itilize tabak, risk li patikilyèman wo.

Papiyomavirus Imen (Human Papillomavirus, HPV)

- HPV se yon viris ki kouran anpil. Uit moun sou 10 gen pou yo trape HPV yon lè nan lavi yo.
- HPV lakòz 70% nan kansè nan bouch ak gòj nan peyi Etazini.

Limyè solèy

- Pase anpil tan nan solèy la pandan peryòd ki long ka lakòz kansè nan lè v.

Laj ak Sèks

- Risk pou devlope kansè nan bouch lan ogmante amezi yon moun ap rantre nan laj.
- Kansè nan bouch rive de fwa pi souvan lakay gason pase li rive lakay fi.

Avèk Kisa Kansè nan Bouch Sanble?

Kansè nan bouch kapab parèt sou yon fòm ki diferan selon moun nan ak nan ki kote nan bouch la selil kansè yo ye. Menmsi pifò chanjman ki fèt nan bouch la oswa nan lè yo se pa kansè ki lakòz yo, ale wè dantis ou an pou yon depistaj kansè bouch si ou remake nenpòt pami sa ki mansyone pi ba a:



Plak blan nan bouch la ka yon siy kansè nan bouch.

- Plak blanch ki pa kapab sòti avèk yon debabouyèt
- Plak ki gen koulè wouj vif ki pa geri apre de (2) semèn
- Yon blesi ki pa geri apre de (2) semèn
- Difikilte pou vale oswa doulè lè w ap vale
- Difikilte pou mete fo dan yo
- Ti boul nan kou
- Doulè nan zòrèy ki pa janm pase
- Ou santi lè anba a ak manton w angoudi
- Tous oswa vwa anwe ki pèsistan

Redui Risk Ou

1. Chèche trètman, epi eseye sispann itilize tabak.

Pi bon fason pou w diminye chans pou w gen kansè nan bouch se sispann fimen oswa rale vapè epi sispann itilize pwodui abaz tabak ki san lafimen. Gen plizyè trètman ki disponib, pami yo opsyon ki fleksib pou pèmèt ou sispann ofi a mezi. Mande dantis ou a oswa founisè swen sante w lan (tankou yon doktè) enfòmasyon sou opsyon medikaman ak konsèy yo. Vizite Liy Eta New York pou Ede moun sispann Fimen an nan nysmokefree.com oswa rele nan 866-697-8487 pou w pale ak yon kotch nan zafè kite fimen oswa pou w wè si w kalifye pou w jwenn zouti, tankou patch nikotin, chiklèt oswa pastiy, pou w kite fimen oswa rale vapè.

2. Pale ak founisè swen sante w lan sou posibilite pou w pran vaksen kont HPV a.

Vaksen kont HPV a pwoteje moun kont tip HPV prensipal yo ki ka lakòz kansè, pami yo kansè oral.

- Yo rekòmande vaksinasyon woutin kont HPV nan laj 11 oswa 12 lane, epi vaksinasyon yo ka kòmanse apati laj 9 lane lakay tout jèn ak jèn adilt yo jiska 26 lane.
- Vaksen kont HPV a apwouve tou pou kèk adilt ki gen laj 27 jiska 45 lane.

3. Itilize Krèm Solèy.

Itilizasyon yon losyon oswa pomad ki fèt pou lè yo ki gen krèm solèy kapab redui chans pou w devlope kansè nan lè yo. Si ou mete yon chapo ki gen arebò, sa kapab ede pwoteje lè yo ou tou kont solèy la.

4. Ale kay dantis ou an regilyèman.

Li enpòtan pou w wè dantis ou an omwen yon fwa chak lane, menmsi ou pa gen dan natirèl. Pandan randevou ou an, dantis la gen pou l verifye bouch ou pou detekte si gen siy kansè. Si ant vizit yo ou remake chanjman ou pa konn abitye wè nan lè yo, bouch ou oswa jou yo, ale wè dantis ou an oswa founisè swen sante w lan pi bonè posib.

Kontakte dantis ou an oswa founisè swen sante w lan tousuit si ou gen doulè oswa si ou bezwen swen. Pou w jwenn èd pou w jwenn yon founisè swen sante, rele **311** oswa Sante + Lopital Vil New York nan 844-692-4692. Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w jwenn èd pou w enskri nan Medicaid, Child Health Plus, Essential Plan oswa Qualified Health Plans, rele nan 347-665-0214 oswa vizite nyc.gov/health/healthcoverage.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kansè bouch ak sante bouch, ale sou nyc.gov/health/teeth.